ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ГЪЕТЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№194 (21.352) ● 2008 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 4, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-рэ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмкlэ и Iэнатlэм илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм икlи щlэблэр гъэсныгъэ егъэджэныжкlэ зэфlэкlышхуэ кьызэрагъэльэгъуам папщlэ

щlэ зыхьанlэхэр яфlэщыж:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмкlэ щыIх зиIэ и лэжьакlуэр» щlэ льапlэр

Атаманенко Татьяне Павел и пхъум - Май районым щыщ Котляревскэ станицэм дэт «Курыт еджапlэ №8» курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущlапlэм биологиемкlэ и егъэджакlуэм

Жамборэ Риммо Хьэжболэт и пхъум - Налшык кьалэм щыIэ «Пэщlэдзэ школ-сабий сад №56» школакlуэхэмрэ зэкlуалlэ муниципальнэ Iуэхущlапlэм и унафэщlым

Карчаевэ Хьэлимэт Жекерья и пхъум - Шэрдж районым щыщ Балкъэр Инщыж къуажэм дэт «Курыт еджапlэ №1» курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущlапlэм

Нырковэ Надеждэ Владимир и пхъум - Прохладнэ районым щыщ Екатеринорадкэ станицэм дэт «Курыт еджапlэ» курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущlапlэм и унафэщlым

Тхъэмыкъуэ Анатолий Уэмэн и къуэм - Налшык кьалэм дэт «Сабий-ныбжьыщlэ спорт школ №2» сабийхэм щlэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущlапlэм и унафэщlым

Шорэн Фуэд Алий и пхъум - Аруан районым щыщ Аруан къуажэм дэт «Курыт школ» курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущlапlэм и унафэщlым,

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIх зиIэ и егъэджакlуэр» щlэ льапlэр

Къарэмщ ФатIимэ Хьэбас и пхъум - Налшык кьалэм дэт «Гимназие №1» курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущlапlэм тхыдэмрэ естественнэ щlэныгъэмкlэ и егъэджакlуэм

Касумовэ Галия Гаджи и пхъум - Налшык кьалэм дэт «Прогимназие №75» курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущlапlэм и пэщlэдзэ классхэм я егъэджакlуэм

Мэкъуауэ Марианнэ Мацу и пхъум - Нартхьалэ кьалэм дэт «Лицей №1» курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущlапlэм биологиемкlэ и егъэджакlуэм

Лечевэ Лидэ Кьаншобий и пхъум - Шэджэм кьалэ дэт «Предмет щхьэхуэхэр нэхъ кууэ щрагъэдж курыт школ №1» курыт щlэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущlапlэм и унафэщlым щlэныгъэ-методикэ лэжьыгъэмкlэ и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык кьалэ
2008 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м
№98-УП

ФIыщIэ куэд зыхуэфащэхэр

Ди газетым зэрытетащи, Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапlэм жэпуэгъуэм и 2-м щекlуокlащ Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэм теухуа гуфIэгъуэ зэIущlэ. Ди республикэм и егъэджакlуэ пэрытхэр зрагъэблэгъа зэхьыхьэ дахэм хэтащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, КЪБР-м и Парламентым и Тхъэмадэ Бечелов Ильяс, абы и кьуэдзэ Фещенкэ Людмилэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщlэ Яриц Андрей, абы и кьуэдзэ Дышэкl Мадинэ. КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министр Щlыхьгъэпсо Сэфарбий сымэ, а министерствэм и Iэщlагъэлlхэр, иэгъэущlхэри.

ГУФIЭГЪУЭР кьыгъэIуихащ икlи иритхъкlуэкlащ Профсоюзхэм щхьэхэсэмкlэ я республикэ унэм и режиссер **Гумэ Маринэ**. Кьызэхуэсахэм екъуэхьуа нэужь, абы псалъэ иритащ **Щlыхьгъэпсо Сэфарбий.**

- Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэр илъэсым и кlэуцlкlэ дгъэлъапlэ махуэхэм ящыщу нэхъ нэхуу, гуфIэгъуэу кьызолытэ, сыту жыпlэмэ абы щыгъуэм дэтхэнэ щlыхьми - балигъыми сабийми - гуапэу иигу кьегъэкlыж и егъэджакlуэр. Щlэныгъэм, гъащlэм и гъэгу пэжым дытезыгъуэва а щlыхьхэр яхудогъадэ ди адэ-анэхэм, Iыхьлы дыдэхэм, абыхэм ди гъащlэм кьыщагъанэ лъэужьыр апхуэдизу упщlащи, гуапэщи, дахэщи, - кьыхигъэщащ министрым. - Зи екъуlэныгъэхэм къэралпсо гулытэ зыгъэуэта, егъэджэныгъэм Iэмалыщlэхэр хэзылъхьэ егъэджакlуэ пашэхэу нобэ мы пэшым щlэсхэм, апхуэдизуи республикэм и егъэджакlуэ псоми гуапэу сынывохъуэхъу фи мазэущхьмкlэ. Узынщагъэ, унагъуэ насыпым фыщымыщlэну, Хэкум екъулlэныгъэ кьыхуэхьуа нэужь, абы псалъэ иритащ **Щlыхьгъэпсо Сэфарбий.**

- Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэр илъэсым и кlэуцlкlэ дгъэлъапlэ махуэхэм ящыщу нэхъ нэхуу, гуфIэгъуэу кьызолытэ, сыту жыпlэмэ абы щыгъуэм дэтхэнэ щlыхьми - балигъыми сабийми - гуапэу иигу кьегъэкlыж и егъэджакlуэр. Щlэныгъэм, гъащlэм и гъэгу пэжым дытезыгъуэва а щlыхьхэр яхудогъадэ ди адэ-анэхэм, Iыхьлы дыдэхэм, абыхэм ди гъащlэм кьыщагъанэ лъэужьыр апхуэдизу упщlащи, гуапэщи, дахэщи, - кьыхигъэщащ министрым. - Зи екъулlэныгъэхэм къэралпсо гулытэ зыгъэуэта, егъэджэныгъэм Iэмалыщlэхэр хэзылъхьэ егъэджакlуэ пашэхэу нобэ мы пэшым щlэсхэм, апхуэдизуи фахуоупсэ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм. - Зэхъуэкlыныгъэхэм я лъхъэнэм лей кьызытехьа Iэнатlэхэм ящыщащи егъэджэныгъэр, ауэ, фи фlэщ фщlы, мы зэманым республикэм и унафэщlхэм къару куэд идохьолlэ щытыкlэр зэпIуэурыт тщlыжьи папщlэ. Абыкlэ екъулlэныгъэ пыухыкlа дызэрпIэхэм щыхьэт тохьуэ фэ фыздынэсыф дгъаапIэхэр. Апхуэдэу ди республикэм и егъэджакlуэ 278-рэ къэралпсо зэпеуэхэм жыдзэру хэтащ икlи абыхэм текlуэныгъэхэр кьыщухьащ. Ахэр зыгъэгуфIэ, лъэр щlэзыгъэкlы, екъулlэныгъэщlэхэм ухуэзыш Iуэхуэгъуэхэщ.

Республикэм и Унафэщlым и Указкlэ КЪБР-м и Президентым кьыбгъэдэкlы фIыщlэ тхыльхэр Кьанокъуэм щариташ егъэджакlуэ пашэ зыбжанэм. Апхуэдэу «КЪБР-м щыхьэ зиIэ егъэджакlуэ» щlэ льапlэри зи лэжьыгъэм екъулlэныгъэ льагэхэр щызыIорыгъэхьа Iэщlагъэлlхэм хуагъэфащащ.

КЪБР-м и Парламентым и Тхъэмадэ **Бечелов Ильяси** гуапэу екъуэхьуащ республикэм и егъэджакlуэхэм. Хабзэубыхь кьулыкъущlапlэ нэхъыщlхэм кьыбгъэдэкlы щыхьэ тхыльхэмкlэ абы игъэпэжащ псэ хьэлэлу зи Iэнатlэр езыхьэкlа егъэджакlуэ пэрытхэр.

Махуэщхуэр зейхэм кьабгъэдэкlыу республикэм и унафэщlхэм фIыщlэ псалъэкlэ захуигъэзэжащ Налшык дэт гимназие №14-м и унафэщlэ **Дохъушокъуэ Рамэ**.

Зэпущlэр уэрэдэкlэ, кьафхэмкlэ, уэсэмкlэ я гъэджащ республикэм и уэрэдыкlакlуэ гупхэм, артистхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

ПщIэ зыхуэтщI егъэджакIуэхэ!

«Зыуэ щыт Урысей» зыусейпсо къэралыгъуэм и Къэбэрдей-Балькъэр щlыналъэ къудамэр фи гуфIэгъуэмкlэ - Егъэджакlуэм и махуэмкlэ - кьывохъуэхьу. ИпэжьыпIэкlэ ар щlыхьфэ гуфIэгъуэщ. Дэ тщыщ дэтхэнэри егъэджакlуэ зыхуэ я игу кьинэжа, игъащlэ псокlэ фIыщlэ зыхуищlын егъэджакlуэ иIащ.

Гуапагъэмрэ зэхэщlыкlэ инымрэ егъэджакlуэм и гум щымыуэжыхьыну, ехьыну и Iэщlагъэм зэрыкьуэгъэнкlи ди гуапэщи.

Ди егъэджакlуэ льапIэхэм зэшинагъэ быдэ,ефIэкlуэныгъэ, тэмакъкlыхьыгъэрэ тегушхуэныгъэрэ зэпымыуэу фхэпъыну, фи пэжьыгъэ мытыншым, ауэ мыхьэнэшхуэ зиIэм екъулlэныгъэхэр кьыщыфхьыну дыныбвохъуэху.

«Зыуэ щыт Урысей» политикэ пэрытым и Къэбэрдей-Балькъэр щlыналъэ къудамэр фи гуфIэгъуэщ. Дэ тщыщ дэтхэнэри егъэджакlуэ и iлащ.

Егъэджакlуэм и махуэм хуэхтхащ 3-нэ напэкlуэцlыр.

ФIыщIэ куэд зыхуэфащэхэр

Ди газетым зэрытетащи, Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапlэм жэпуэгъуэм и 2-м щекlуокlащ Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэм теухуа гуфIэгъуэ зэIущlэ. Ди республикэм и егъэджакlуэ пэрытхэр зрагъэблэгъа зэхьыхьэ дахэм хэтащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, КЪБР-м и Парламентым и Тхъэмадэ Бечелов Ильяс, абы и кьуэдзэ Фещенкэ Людмилэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщlэ Яриц Андрей, абы и кьуэдзэ Дышэкl Мадинэ. КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министр Щlыхьгъэпсо Сэфарбий сымэ, а министерствэм и Iэщlагъэлlхэр, иэгъэущlхэри.

Ар жиIащ УФ-м и лIыкIуэу Куржым щыIа Коваленко Вячеслав. Абы и псальэхэм ятепщlыхьмэ, Урысей посольствэм и унэму Тбилиси щlэм мы зэманым щlэсыр дипломатитхъэр ар зезыхьэ лэжьакlуэхэмрэщ. Коваленкэ Вячеслав кьыхигъэщхьэхуакlащ къэралитIым яку кьыдэхьуа Iуэху псомкlи Куржым жэуап зэприхьыр.

Хуабэ мэхъуж

Гидрометцентрым кьызэритымкlэ, УФ-м и кьалащхьэ Москвам, Урысейм и курт щlыналъэхэми дуней щытыкlэр щофIэкlуэж.

Язэныкъуэ - махуэхэм щыхьэрым хуабэр градус 19-м щынэсынущ, хэбгъэзыхьмэ, щыщlигъэнущ. Шэч хэлъкьым нэгъуэщlу щlыналъэхэми дунейр нэхъ хуабэ зэрыщыхьхьжьыным.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 4, *щэбэт*

● **Хьэршыр къэгъэIурыщlэн щыщlадза махуэщ.** Астронавтикэмкlэ дунейпсо федерацэм 1967 гъэм и фокlадэм игъэуващ тхыдэм щыяпэу СССР-м и Байконур космодромым 1957 гъэм зэпуэгъуэм и 4-м Щым и япэ Iэрыщ спутникыр зэрыщагъэлъэтам и саулыкъкlэ.

● Жэпуэгъуэм и 4-10-хэр Хьэршым и дунейпсо тхъэмахуэ зэхуакущ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1999 гъэм дыгъэгъаэзэм и 6-м кьищта унафэм ипкъ иткlэ ягъэуващ.

● **Псэущьхьэхэм я дунейпсо махуэщ.** Ар мы гъэм ягъэльапlэ псэущьхьэхэм хуабжьу кьащхьэщыжа Франциск щихьыр кьыдэзыралыхуэр илъэс 800 щрикъум екъэлlауэ.

● Илъэс 245-рэ и пэкlэ (1763) Тэрч и Iуфэм щаухуащ Мэзэдгу кьалэр.

● **Дыгъэр кьыщIэкlащ сыхьэтI 7-рэ дакъикъ 9-м, кьуэхьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакъикъ 43-м.**

● **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакъикъ 34-рэ.**

Жэпуэгъуэм и 5, *тхьэмахуэ*

● Урысей уголовнэ розыскыр кьыщIэзрагъэпэща махуэщ. Илъэс 90 и пэкlэ (1918) РСФСР-м Къэрал кIуэлI Iуэхуэхэмкlэ и наркоматым кьыщтащ уголовнэ розыскым и кьудамэхэр кьыIэзрагъэрагъэпэща хабзэр.

● Илъэс 235-рэ и пэкlэ Пугачев Емельян и дзэм Оренбург кьалэр кьуиувыыхьащ.

● Москва областым и махуэщ (ВЦИК-м и унафэкlэ 1929 гъэм жэпуэгъуэм 1-м кьыIэзрагъэпэщащ). Илъэс кьэ игъэльапIэ жэпуэгъуэм и япэ тхъэмахуэ махуэм.

● Щlэщэн Республикэм щекlуэкlымущ Грозный кьалэр кьыIэзрагъэрагъэпэщрэ (1818) илъэси 190-рэ зэрыркъым екъэлlа Iэхуэхэр. 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м ар ягъэльапIэнущ Шэщэн Республикэм и Президент Кадыров Рамзан кьыщалъхуа махуэм егъэщыпlауэ.

● **Дыгъэр кьыщIэкlынущ сыхьэтI 7-рэ дакъикъ 10-м, кьуэхьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакъикъ 41-м.**

● **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакъикъ 31-рэ.**

Жэпуэгъуэм и 6, *блыщхэ*

● **Архитектурэм и дунейпсо махуэщ** (1996).

● **Псэущьхьэхэр зыщыпсэу щыпIэкlэ зыхьумэныкlэ дунейпсо махуэщ** (1979).

● **Дохутырым и дунейпсо махуэщ.** Илъэс кьэ жэпуэгъуэм и япэ блыщхьэм ягъэльапIэ.

● Илъэс 35-рэ и пэкlэ (1973) Мысырымрэ (Египет) Щамырэ (Сирие) Израилым тезэри епIланэ хьэрыпI-израиль зауэм щIидзащ. Жэпуэгъуэм и 25-м ихуащ.

● Илъэс 240-р и пэкlэ (1768) Урыс-тырку зауэм щIидзащ. 1774 гъэм ихуащ, Кючук-Кайнарджий зэгурыIуэныгъэр зэращылlэрэр.

● Илъэс 10 и пэкlэ лIащ урысей актер икlи режиссер, СССР-м и цыхьэ артист Быков Ролан (1929-1998).

● **Дыгъэр кьыщIэкlынущ сыхьэтI 7-рэ дакъикъ 11-м, кьуэхьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакъикъ 39-м.**

● **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакъикъ 28-рэ.**

ПIлэнэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Iуэщlагъэ:

Зи щхьэ илыым и щхьэ урилъытынщ

Сурэтыр **КАЮДИН Евгений** *трихащ.*

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балькъэрым кьэкlуащ сурэтыщlэ щIэрыIуэ Шемякин (Кьардин) Михаил. Осетие Ищхьэр - Аланиемрэ ди республикэмрэ я гъунапкъэм деж хьэщlэ льапIэр кьыщрагъэблэгъа нэужь, КЪБР-м и Правительствэм и Унэм ар журналистхэм щаIущlащ.

КЪБР-м щэнхабзэмрэ хьэбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ и министр Тут Заурбэ Кьардинэ я лъэпкъ хасэм и тхъэмадэ Кьардэн Мушэрифрэ *(сурэтым)* **я гъуэгу зыхъта пресс-конференцым Шемякин Михаил жэуап иритащ журналистхэр зыщlэупщlа псоми.**

Дуней псом щыщIэрыIуэ сурэтыщlэр Налшык кьыIэрыкlуар а махуэм и пщыхьэщхьэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ «Синдика» интур-хьэщIэщым кьыщыщхьэуэса Кьардинэ я лъэпкъым.

Гу зылъытапхъэ

Шемякин Михаил и щIыхькIэ

ПщIэ зыхуэтщI ныбжьэгъу льапIэхэ!

Дуней псом щыщIэрыIуэ художникъ Шемякин (Кьардэн) Михаил Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьызэрыкlуэм и щIыхькlэ Налшык къалэм 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м мы кьыкlэлъыкlуэ Iуэхуэр щрагъэкlуэкlынущ:

сыхьэти 10-м Мэлбахьуэ Тимборэ и щIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр Лъэпкъ библиотекэм щагъэлъэгъуэнущ Петряков Александр итха «Михаил Шемякин: Зазеркалье мастера» тхылъыр;

сыхьэт 12-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Лъэпкъ музейм кьыщызэIуахынущ Шемякин Михаил «Дзен» унэтIыныгъэм тету ищIа и гъэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ;

сыхьэт 16-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щэнхабзэм, гъуэзджэм я лэжьакlуэхэр, творчествэм хэт щIалэгъуэлъэр Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм Шемякин Михаил щаIущlэнущ.

Мы Iуэху псоми хэтыну хуейхэр пщIэншэу щIагъэхьэнущ.

Пщэдей Адыгэ Республикэм и махуэщ

Ди къуэшхэм я гуфIэгъуэ

1990 гъэм а махуэр ди лъэпкъгъэу адыгейхэм я дежкlэ гуфIэгъэщхьэу кьыщIэкlащ. ИкIэм-икIэжьым абыхэм кьайхьэлIащ ди Iыщыгъуэкlэ зыпэлъэ я мурадыр - къэралыгъуэ ягъуэтащ. Щlыхьэ депутатхэм я Адыгэ область Советым и сессием унафэ кьыщащтащ Адыгэ автоном областыр РСФСР-м хэт Автоном Совет Социалист Республикэу зэкlэлъытэным икIи ар Краснодар краим кьыхэкlыным теухуауэ.

Дэтхэнэ зы лъэбакъэущи щхьэусыгъуэ иIэщ. Псори зы унагъуэу дызыщыпсэуэ СССР-м гулъытэщхуэ щыхуащlыр тэкъым хэт сыт хуэдэ щlыналъэм ыхьэсми. И Iэхуэсыгъэри кьыдэрагъэкlыжащ: псоми зы къэрал абрагъуэм хэтI икIи щызэкlуэтт. Арщхьэкlэ пIалъэ-пIалъэкlэрэ пхрагъэкlырт щlыналъэхэм щхьэхуэ защlыным къуэкlыжащ. Псалъэм и хьэтыркlэ, апхуэдэ гуэшныгъэр Совет Союзым щыIащ 1936 гъэм, СССР-м и Конституцэр кьащта иужькlэ. Арщхьэкlэ щlыналъэ зыбжанэ крайхэм кьызэнащ. Абыхэм ящыщт Адыгэ автоном областри. Ди лъэпкъэгъуэхэм хуабжьу ягу кьеуэрт езыхэр занщlэу къэралым и Iэтащхьэхэм зэрапымышlар. Автоном республикэхэм я Iуэхуэр щызэфlагъэкlын хуей хьурт РСФСР-м и Iуэхущlапlэхэм, ахэр ялъэIэсыфырт СССР-м и къулыкъущlапlэ нэхъыщхьэхэми. Арщхьэкlэ Адыгейм хуэдэ автоном областхэм я дежкlэ ар нэхъ гъэгу кIыхьт - абыхэм кьыщыщlадзэн хуейт езыхьэ щlыналъэм. Абы кьыщыхуащl унафэм куэдкlэ елъытат я Iуэху зыхуэкlуэнур.

Зэуэ кьыхэдгъэщынщи, илэкlэ кьэдгъэльэгъуа сессием апхуэдэ унафэ - Адыгейр республикэ хьуным теухуар - кьыщрагъащтар куэдкlэ я фIыгъэщ ди къуэшхэм я лъэхэм щыпсэу урысхэм, нэгъуэщlу лъэпкъхэм. Абыхэм кьалъытащ зи щхьэ зыгъэпсэуэжьф, лъэпкъ щэнхабзэ дахэ кьыщыгъэгугъ-рыкlуэ щlыналъэм ешы и къэралыгъуэ иIэн хуейуэ. Арати, ди къуэш Адыгейр хьуащ Автоном Совет Социалист Республикэ. Пэжщ, зэман мыжьыжьэ блэкlам тхыдэм кьрырагъэгъэзэжьыну хущlэкъуащ. Зыгуэрхэр хуабжьу хуейт, адрей щlыналъэ зыбжанэми хуэдэу, Адыгейр Краснодар крайм хагъэхьэжыну. Арщхьэкlэ республикэм и Президенту щытахэу Джарымэ Асльэтми, Щэумэн Хьэзрэти, мы зэманым къэралыгъуэм и Iэтащхьэ Тхьэкlуушынэ Асльэнджэрии абыкlэ зэи зыри зытрагъэхьакъым. Машlэми куэдми яIэр езыхьэм зэрагъэзэхуэж, нэгъуэщlу унафэ щlэмыту. Адыгэ Республикэр Урысей Федерацэм и зы къэралыгъуэщ. Абы езыми и Конституцэ Парламент, Правительствэ иIэжщ. Мыбы щызэкlуэ УФ-м и хабзэхэр.

Ижь зэманым къэралым и щlыналъэ псоми хуэдэу, Адыгейм и экономикэм хуабжьу зеужь, абы и щыхуэм я гъэпсыкlуэ ефIакlуэ зэпытщ. Республикэм щагъэзащlэ лъэпкъ проект псори.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ди къуэш Адыгейм щекlуэкlыну гуфIэгъуэ Iуэхуэхэм хэтынущ Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал даIэтынущ щlыналъэ гуэшныгъэ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Сом минищэ зырыз щIыгъуу

АДЫГЕЙ. ***Егъэджакlуэм и махуэм ирихьэлIэу республикэм и егъэджакlуэ пашэхэр, лэжьыгъэм и ветеранхэр ягъэлъапIащ.***

АДЫГЕЙМ и президентым и пресс-Iуэхущlапlэм кьызэритамкlэ, гуфIэгъуэ зэIущlэм хэлъэтыкlауэ щагъэпсэжащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткlэ екIуэкlа зэхьэзэхуэхэм щытекlуэхэр. Республикэм и Президент Тхъэкlуушынэ Асльэнджэрий егъэджакlуэ 37-м яритащ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм и Щlыхь тхыльхэр, сом минищэ зырыз щIыгъуу. Адыгейм и Парламентымрэ щlыналъэм егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэмрэ я Щlыхь тхыльхэр егъэджакlуэ зыбжанэм хуагъэфащащ.

200-м щIигъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Кавказ Ищхьэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» кьыкlуэжьнырэм щIэту лъакъуэрыгъажэ спортымкlэ Урысей Федерацэм и чемпионат республикэм щокIуэкI.***

МАХУЭ бжьыгъэкlэ зэхэтну зэхьэзэхуэр Домбей жылагъуэм щрагъэжьащ. Зэпеуэм хэтщ Кавказ Ищхьэрэм и областхэм, крайхэм, республикэхэм, УФ-м и нэгъуэщlу щlыналъэхэм я спортсменхэр. Псори щIыхь 200-м щIегъу. Зэхьэзэхуэр Архыз жылагъуэм деж щыхуэпащ.

СССР-мрэ Абхъазымрэ зэдоджэгу

АБХЪАЗ. ***Абхъазым и футболыр илъэси 100 зэрыкlуар ягъэлъапIэу зэныбжьэгъугъэ зэIущlэ Сыхьэм кьалэ и стадионым щрагъэжьащ СССР-мрэ Абхъазымрэ я команд кьыхэхахэм.***

ТОПДЖЭГУМ щIидзэн и пэ кьихуэу, республикэм и артистхэм стадионым концерт щатащ. Зэхьэзэхуэр зэрекlуэкlым кlэлъыплъащ икIи футболистхэм псалъэ гуапэкlэ зыхуагъэзащ Абхъазым и Президент Бэгъэпщ Сергей, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэу Жириновский Владимир, Бабурин Сергей сымэ, нэгъуэщlхэми.

СССР-мрэ Абхъазымрэ я командэ кьыхэхахэм хэтащ топджэгу цIэрыIуэхэу ЦвейбэАхрик, Симутенков Игорь, Ананкэ Дмитрий, Томасян Александр, Бостандзян Альберт, Тарбэ Саид, Губаз Джемал сымэ, нэгъуэщlхэри. Зэныбжьэгъугъэ зэIущlэр зэрытемыгъэкlыуауэ - 3:3-уэ, нухащ.

ХЪЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псальэр»
къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкlакlуэ льапIэхэ!

Фигу къыдогъэкlыж 2009 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедэныр зэрекlуэкlыр. Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кlэнlейкlи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущlапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

■ Зэ1ущlэхэр ■ Унагъуэм и илъэс ■ Гъуэзджэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щэбэт къыдэкlыгъуэ ■ Малъхъэдис

Жэпуэгъуэм и 4-м сыхьэт 19-м Налшык къалэ дэт «Грушевая роща» санаторэм къыщызэIуахынущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и саугъэтым щыхуащlэкъуну, «Мамырыгъэ, Зэгурыlуэныгъэ, Зэкъуэтныныгъэ» фIэщагъэIэр зиIэ етIуанэ урысейпсо фестивалыр.

АБЫ ХЭТЫНУЩ ВГТРК-м и къудамэу Урысей Федерацэм и федеральнэ щlыналъэмкlэ щыIэ телекомпанией я журналисту 50-м щIигъу.

ИльэситI и пкlэ ВГТРК-м и тхъэмадэм и къуэдзэ Земцов Петр ди республикэм кьэкlуауэ, КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен я «Кабардино-Балкария» ГТРК-м и унафэщlэ Жаным Русланрэ щахуэзам апхуэдэ фестиваль кьызэрагъэпэщыну зэгурыIуат. А Iуэхугъуэм и кьалэн нэхъыщхьэ ягъэуващ Урысей Федерацэм зыуэ щыт хьэбарегъащlэ Iэнатlэм зыщегъэжьыныр, журналистхэм я творческэ зэпимыжьэгъугъэм хэгъэхъуэныр, лъэпкъхэм яку щыIэныгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ дэлъхьэныр.

Абы щагъэльагъуэ хъунущ Урысейм и къэрал телерадиокомпаниеи трихауэ я фестивалыр зытеуухуа Iуэхугъуэм хуэкlуэ телевизионнэ сюжетхэр. Фестивалым и саугъэт нэхъыщхьэр - КЪБР-м и Президентым игъэува «Дышэ нал» гран-прир, телебашням и тепльэм дыщэ налыр къыщхьэщыту - сурэтыщlэ Жылэ Анатолэ и эскизымкlэ ящlащ.

«Дышэ налыр» кьахьыну хущlэкъунущ журналист дэжьыгъэу 200-м щIигъу. Лжьыгъэхэр кьэзыпщlэжну гупым хэтщ «Урысей» телеканалым жылагъэ-политикэ программэхэмкlэ и студием и спецкорреспондент Сладков Александр, РТР телекомпаниием и политикэ обозреватель Торчинский Сергей, КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм и унафэщlэ Хьэгуэрэ Джамилэ, КЪБР-м Щэнхабзэмкlэ и фолым и унафэщlэ Вэрокъуэ Владимир, КЪБР-м и Журналистхэм я союзым и тхъэмадэ Мэзэхьэ Борис сымэ.

Къэпщытакlуэ Iуэхугъуэ зэрахэтым нэмыщlкlэ, Сладков Александр КЪБР-м и хьэбарегъащlэ Iэнатlэм и лъэжьакlуэхэмрэ фестивалым и хьэщlэхэмрэ папщlэ мастер-классхэр иригъэкlуэкlынущ.

Нобэ фестивалым хэтынухэр Налшык къокlуэ. Япэ фестивалыр 2006 гъэм и фокlадэ мазэм Налшык щекlуэкlауэ щытащ.

МЕЧИЕВ Асхат.

Лэжьыгъэ нэхъыфIхэр Налшык къыщыхах

● Нобэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Михаил Жуан ирагъэблагъэ нэужь, КЪБР-м и Правительствэм и Унэм ар журналистхэм щаIущlащ.

КЪБР-м щэнхабзэмрэ хьэбарегъащlэ Iэнатlэхэмкlэ и министр Тут Заурбэ Кьардинэ я лъэпкъ хасэм и тхъэмадэ Кьардэн Мушэрифрэ *(сурэтым)* **я гъуэгу зыхъта пресс-конференцым Шемякин Михаил жэуап иритащ журналистхэр зыщlэупщlа псоми.**

Дуней псом щыщIэрыIуэ сурэтыщlэр Налшык кьыIэрыкlуар а махуэм и пщыхьэщхьэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ «Синдика» интур-хьэщIэщым кьыщыщхьэуэса Кьардинэ я лъэпкъым.

Екlуэрэ ещхьу

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьыхигъэщхьэхукlащ Ярославль зэрауэгъэрэ илъэс мин зэрырикъур гъэлъэпIэным сыт и лъэныкъуэкlи зыхуэзгъэхьэзырын зэрыхуейр.

Кьалэм и юбилейр гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырыныкlэ кьэрал комиссэм хэтхэм я пащхьэм кьыщыщыпсальэм абы жиIащ гуфIэгъуэм екъэлlа Iуэхуэхэр кьэрал псом зэрыщыIэтыпхьэр. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр, кьыхигъэбеледжьылыкlащ Президентым, псом ятепр мы кьалэр ущыпсэун и лъэныкъуэкlэ псори зэхъуапсэ щыпIэ щыныщ. Ярославль апхуэдэ щlыхь кьыпIэжьащ икlи да ар абы хуэтщlыпхьащ. Юбилейм зыхуэдгъэхьэзырын папщlэ кьытхуэнэжар илъэситI иримыкlыу, ауэ а зэманыр дэ дрикъунущ ди кьалэ пажэхэм ящыщ зым екъэлlа гуфIэгъуэр Iэтыным сыт и лъэныкъуэкlи зыхуэтщlыну.

Хуит ещI

УФ-м и Къэрал Думэм дыгъуасэ япэ еджэгъуэкlэ кьыщта законопроектым Банк Нэхъыщхьэр хуит ещI финанс кьудамэхэм сакьыпхьтыншу щыхуэхэр яритыну.

Псори зыхуэгъэзащ мы зэманым дунейр зэщlэзыIубыда финанс кризисым ди къэралыр щыхьэмынырщ. Апхуэдэу ахьыщ зэпэпыхьэм Iуэхущlапlэхэм нэгъуэщlу Iуэхуэхэмкlи худачыхьынущ.

Куржым жэуапыр ехь

УФ-м и сэбэп зыхэлъхэм Куржым щыкlэльыплъынущ абы дипломат зэхущытыкlэхэр яхуэзиIэ зэкъэралхэм ящыщ зыр.

Ар жиIащ УФ-м и лIыкIуэу Куржым щыIа Коваленко Вячеслав. Абы и псальэхэм ятепщlыхьмэ, Урысей посольствэм и унэму Тбилиси щlэм мы зэманым щlэсыр дипломатитхъэр ар зезыхьэ лэжьакlуэхэмрэщ. Коваленкэ Вячеслав кьыхигъэщхьэхуакlащ къэралитIым яку кьыдэхьуа Iуэху псомкlи Куржым жэуап зэприхьыр.

Хуабэ мэхъуж

Гидрометцентрым кьызэритымкlэ, УФ-м и кьалащхьэ Москвам, Урысейм и курт щlыналъэхэми дуней щытыкlэр щофIэкlуэж.

Язэныкъуэ - махуэхэм щыхьэрым хуабэр градус 19-м щынэсынущ, хэбгъэзыхьмэ, щыщIигъэнущ

Пlалъэ кlыхьым тращlыхь

Долинск щыlэ «Лэгъупыкъу» республикэ центрым фокlадэм и 2-м щекlуэкlащ «КЪР-м и АПК-м пlалъэ кlыхьым тещlыхьауэ зэрызижьыным и стратегиер уб5ыхуным кlэ лэжьыпхьэхэр» жьхуиlэ щlэныгъэ-практикэ конференц.

АР КЪЫЗЭРИГЪЭПЭЩАЩ РАЕН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щlэныгъэ центрым Зэлущlэм х этащ РАЕН-м и академикхэр, республикэм щыщ еджагъэшхуэхэр, аспирантхэмрэ студентхэмрэ.

Урысыем ест ственнэ щlэныгъэ хэмкlэ и академием и щlыналъэ къудамэм и унафащl **Къагъырмэс Црай** конференцыр къызэгуlуха нэужь, къэзыгъэзэмрэ хэгъэрейхэмрэ фlэхьускlэ захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Iэтащ1эм и къудамэ **Чеченовым Ануар.**

«Си гуапэу къыхэзгъэщlыну сыхуейт иужьрей илъэсхэм ди деж мыхьынэшхуэ зиlэ дунейпсо, урысейпсо, щыналъэ зэхьыхьэхэр зэрыщрагъэкlуэжьыр. Къапщтэмэ, апхуэдэщ щlэныгъэ1ей ныбжьыщlэхэм, аспирантхэм, студентхэм я Дунейпсо конгрессыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэр щегъэфlэкlуэным и проектыр щызэхэтыкlыжьырахэр Урысейпсо семинар-зэлуlэр, «Студент гъатхэр-Кавказ Ищхьэрэм» щыналъэ фестивалыр, иджыблагъэ ихуа шахматымкlэ щlыхуфэхэм я дунейпсо чемпионатыр, дзюдомкlэ Урысейм1э ЮФО-мрэ я чемпионатыр, УФ-м Iэщхьэ Зэщlуэзда и Къарухэм боксымкlэ я зэпеуэр, нэгъэщlэхэри.

Абыхэм хэта хьэщlэхэм иригушхуэу къыхагъэщащ а Iуэхугъэ псори арэзы укъищу къызэгъэпэщащ зэрызыхуар. Мы конференцри апхуэдэу зэрекlуэжьыным щэч къытесхьэрхьым. Мыхьэнэщхуэ зиlэ къалэнхэм фытепсэльыхьынущи, лэжьыгъэфlкъефхьэлэну си гуапэщ, - жиlащ абы.

Нужькlэ РАЕН-м и вице-президент, еджагъэшхуэ секретарь нэхъыщхьэ, РАЕН-м и аппаратым и унафэщl Иваницкая Лидэ Чеченов Ануар иритыжащ Урысейм естественнэ щlэныгъэхэмкlэ и академием и член-корреспондент зэрызыхуэмкlэ дипломыр.

Зэрэфlыкlыжьыным тету, хьэщlэм зэхуэсахэр зэпкърыхауэ хигъэзгъэзащ академием и зэфlэувэкlам, и нобэрей Iуэхущlафэр зыхуэдэм, и кьалэнхэм зэрехьулlэм. Абы и псалъэ хэм кьыпищу, я лэжьыгъэ унэтlыкlэм зыубгъуауэ кьытеувыащ профессор, РАЕН-м и академик, УФ-м экономикэ къэхутэныгъэхэмкlэ и щlыналъэ институтым и унафэщl **Бурак Петр.**

Зэлущlэр езыгъэкlуэ экlа, РАЕН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щlэныгъэ центрым и тхьэмадэ Къагъырмэс Црай и докладыр триуухащ республикэм Iэщ гъэхъуным Iэнатlэр щызэрегъэувэжьынымкlэ къэув кьалэнхэмрэ абыкlэ щыуз хэкlыпlэхэмрэ.

Къэпсэльам кьызэригъэлъэгъуамкlэ, и унафэрей илъэсхэм а Iуэхум гульытэ зэрихьауэ щытащ.

«Абы и щlыхьэтщ лъэпкъ проект пэрытым ипкъ иткlэ «2008-2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым АПК-м зэрызэшуижьынур» программэ хэха кьызэращтар. Мы зэманым республикэм щаныгъэ Iэщышхуэу мин 223-рэ (мини 104,3-р жэмщ), мэлу мин 285,6-рэ, кьхуэуэ мини 2,9-рэ. Нэгъабэ жэмым хуэзэу ику иту из килограмм 3104-рэ кьыщlашащ. Ар ипэ ита илъэсым елытауэ проценти 4,5-кlэ нэхъыбэщ. «АПК-м зегъэуужьын» жьыхуиlэ лъэпкъ проектым зэрыщыубзыхуам тету 2012 гъэ пщlондэ республикэм кьищэхунущ Iэщ лъэпкыфlу мин 22-рэ, мэлу мини 31-рэ. А зэманым ирихьэлlэу ди деж лъыуэ кьыщlалэжьыр тонн мин 70-м, шэуэ кьыщlашыр тонн мин 385-м, джэдыкlэу кьыщрахыр мелуани 163-м нагъэсынущ. Республикэм программэм зэрыщыубзыхуам ирадзу, Iэщ гъэхъуным зегъэужьыным сом меларди 6-м щигъу, былым лъэпкъыфlкъэщхъуным зы мелардрэ мелуан щищрэ хухахьынщ», - кьыхигъэщащ Къагъырмэс Црай.

Абы зэрыжиlамкlэ, щlэныгъэм и е хуэлэныгъэхэр, технологие гъэунэхуахэр нэхъыфlу кьагъэсэбэн хьэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэш академием щолажьэ республикэм и еджагъэшхуэу 20 зыхэт щlэныгъэ центр. Фермер хозяйствэхэм, унеп зэхуэсыгъэ1ей абы зыужей дзэпсыхь уныгъэкlэр щагъуэт.

Жэм гъэшыфlэхэр, лъэпкъыфlкlэр кьагъэхьун мурадкlэ, искусственнэ псэф щащl Iэнатlэр зэтраухуэж. Абы папщlэ «Къэббалькъагролизинг» ОАО-м илъэси 10 пlалъэкlэ кредиту кьыlихынущ хозяйствэ лlэужьыгъуэ псоми ветеринар Iуэхутхьэбзэкlэр зэрыхуащlэну автомашинэ хэхуэу **Бурак Петр.**

«Мы зэман гъунэгъум ерыскъыпхъэ нэхъыбэу кьызэлъжьынур уней, мэкъумэшыщlэ-фермер хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэрылажьэхэмрэщ. Ауэ кьыкlэлыныбуэ лъэхъэнэм абыхэм я пlэм нуэрнущ мэкъумэш предприятэ инкэмрэ ику итхэмрэ. Аращ абыхэмэ щlэгъэхуэбжьауэ зегъэужьын щыхуейр. Апхуэдэ предприятэхэрщ инновацIэ технологиехэр Iэщ гъэхъуным и Iэнатlэм иэсу икlи фейдэ пылъу щыщlэзыгъэсэбэпыфынур», - кьигъэлъэгъуащ Къагъырмэс Црай.

Мэкъумэш щlапlэхэм я Iуэхур зэкlэлыгъэкlуэным нlэ мыхьэнэр, КъБР-м и АПК-м пlалъэ кlыхьым тещlыхьауэ зэрызижьынымрэ и стратегиер уб5ыхуным кlэ лэжьыпхьэхэр зэпкърахыу зэlущlэм кьыщlапсэльащ ямыгъэlэпхъуэ объектхэм я кадастрым и Федерал агентствэм и щlыналъэ къудамэм и унафэщl **Лыджыв Хьэбдулсэлам**, КъБР-м и Правительствэм и Iэтащ1эм и къудамэ **Чечеков Ануар**, КъБКъМА-м и егъэджакlуэ, мэкъумэш щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Гъукlэ жь Владимир**, РАЕН-м и академикхэу **Щомахуэ Левр Середин Владимирр.**

Профессор, РАЕН-м и академик, Урысейм естественнэ щlэныгъэ хэмкlэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщl Къагъырмэс Црай конференцым щыгъэхихащ Iэщ гъэхъуным и Iэнатlэм иэсу икlи фейдэ пылъу щыщlэзыгъэсэбэпыфынур», - кьигъэлъэгъуащ Къагъырмэс Црай.

Мэкъумэш щlапlэхэм я Iуэхур зэкlэлыгъэкlуэным нlэ мыхьэнэр, КъБР-м и АПК-м пlалъэ кlыхьым тещlыхьауэ зэрызижьынымрэ и стратегиер уб5ыхуным кlэ лэжьыпхьэхэр зэпкърахыу зэlущlэм кьыщlапсэльащ ямыгъэlэпхъуэ объектхэм я кадастрым и Федерал агентствэм и щlыналъэ къудамэм и унафэщl **Лыджыв Хьэбдулсэлам**, КъБР-м и Правительствэм и Iэтащ1эм и къудамэ **Чечеков Ануар**, КъБКъМА-м и егъэджакlуэ, мэкъумэш щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Гъукlэ жь Владимир**, РАЕН-м и академикхэу **Щомахуэ Левр Середин Владимирр.**

Профессор, РАЕН-м и академик, Урысейм естественнэ щlэныгъэ хэмкlэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщl Къагъырмэс Црай конференцым щыгъэхихащ Iэщ гъэхъуным и Iэнатlэм иэсу

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Джэгукіэхэр

Бажэ

Джэгуэхэм зы Бажэ хах. Ар лъэныкъуэкІэ мэуВ. Мыдрейхэм псоми я бгыр зэрыІыгъыу, зы пашэ яІэу къаКІухь. Пашэм мыпхуэдэу жеІэ:
- Къаз-къаз!
- Хьуакіуэ докіуэ, - жаІэ адрейхэм.
- Къаз-къаз!
- Дыкъокіуэж.
Апхуэдэуэрэ къыздэкІуэжым Бажэр бакъолъадэри, яужь дыдэ итыр пеху. ИтІанэ адэкІэ пашэ, гугъу щыхъуэ щапшэрэ зы къаэрэ фІэкІа къэмынэжьыу. Абы иужькІэ пашэр Бажэ мэхъури, аргуэру джэгуным щІадзэж.

◎ Мыгъагъэ гъуэлэжыркъым.
◎ Уэзрыгугъэу умыхъумэ, уэзрыхъуфыну зумышэсами ухокІыж.
◎ Укъызытенэжьнум утекІэрэхъуКІами, утехьэжьыфмэ, уи лъагъуэ хэпшыкащ.
◎ ЩІхьэщым тхъунэ зэрыхидзэр ягъэщІагъуэ, фІыщІагъэ къызэрыхъэнэр теЛыдзэ ящымыхьуу.
◎ Іуэху зымышІэнум сыт щыгъуи и пщэдейм.
◎ Зэ епльыгъуэкІэ ауи зэмыкІуалІэу къыщыхъухэр гупсысэ куум быдэу щызэпхащ.
◎ Хэжаем и махуэм жэщри къыпытщ, жейнэдым жэщым махуэри дегъакІуэ.
◎ ЩІхьэхуитыныгъэр къуэдмыІэкІэ зыжьэдалъхьам тыщи щыкІуу хуегъэнэхькъым - итхьэлэнри бегъмалщ.
◎ Акъылыр гъагъэмэ, жьыгъэм и гъатхэщ.
◎ Жьыр щІэм щІеуцщер езым ещхьу щимыгъэуну аркъудеймэ, лейуэ иремыгъавэ: щІэм жьым емыщхъ щыгъуэ щІэжщ.
◎ ЩІалъэу щІэныгъэрэ къаРукІэ цІэрыІуэ ухъунщ, ауэ акъыл нэс къыщыщтэнур балигъыпІэм унэсмащ.
◎ Бзаджэ зыжраІэнум мыхъун гуэр паубыд.
◎ Дакъыфіэмыйуэхуми, дэр фІэкІа Іуэху ямыІэми дэркъым.
◎ Лъакъуэпэщ Іэдз къыпхуэзыщІынум уи лъэпэрэпэкъуэ зыкъыхъуегъэзэ.
◎ Щыуагъэ ялэжьауэ къыщалытэгъи щыхьафэр мыхъумэ, зэран щыхъурахъым.
◎ Сахуэм къыгъэщІитынэжІаркъым, ауэ дэщыр екъумэ.

БЕЙТЫГЪУЭН
Сэфарбий.

Жейнэдым жэщым махуэри дегъакІуэ

● ЖыІэгъуэхэр

Молейхэ я зэфІэкІыр къагъэлъагъуэ

● Унагъуэм и иныэ

Молей Алихъан и унагъуэр.

МЭКІЫАУЭГЪУЭМ И 26-27 махуэхэм Ипщэ Федеральнэ округым и щІыналъхъэм щыпсэу унагъуэхэр зыхэта «Урысейм и унагъуэ» фестиваль зэпхъуэкІэ Налшык щекІуэкІащ. Ростов, Астрахань областхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэй, Дагъыстан, Осетие-Ищхъэрэ-Алание, Ингушыбэ, Шэшэн, Къалмыкъ республикэхэм я ІыкІуэу ди щІыпІэхэм кІыІыкІуу ди щІыпІэхэм къызыхэкІа лъэпкъхэм я хабзэхэр, япэ ита нэхъыжьыфІхэм я ІуэзджэщІэнныр пщІэ хуащІу зэрахъуэрэ я зэхьэзэхуэм наІуэ къыщыщІащ.

Ди рекламкэм щыщу цІыхубз ерэрдэхэр гьэзэщІэныжькІэ номинацэм я зэхьэзэхуэм апэ увыпІэр къыщыхьащ Молей Алихъан и унагъуэм. Алихъан игъэзэщІащ ПІуСэ- УэрэдыІ, и щхьэнтуСэ Маринэрэ ипхъу Руэзанэрэ зэгъусэу лъагъуныгъэм теуХуа уэрэд жаІащ, и кІэм я къуэ Тембулэ т къахьихьэжри, я зыкъьгъэлъэгъуэныгъэр кьафэ дахэкІэ зэхуащыжжащ.

Дыжьын къокІ

❖ И щхьэр пкъутэмэ, дыжьын къокІ, дыжьыныр пкъутэмэ, дыщэ къокІ.
❖ Мазэм хуэдизу хъурефибзэ, бзэгуу иІэр дагъэ защІэ, щІым къыхэпщым, дыгъэм хуэпльэ.
❖ Жьыми щІэми яфІэІэфІщ, къыхуагъэтри нэхъ бзэ Іэфіщ, щыщ кІанэу драдзей, тІэкІу езэшмэ, игъэжей.
❖ Губгъуэр гъунэнэшэщ, хьуашэр бжьыгъэнэщ.
❖ Жьыжьэу уплъэмэ, уэс Іэтэ, уекІуэталІэмэ, Іуэпльэ.

Къуажэхьэр

Мэлыл дэлъу псыхъэлывэ

Тхьэвыр дж зрыкІэрэ щатэрэ зыхэль шэкІэ ящщ, мэлылыр Іыхьэ щыкІу-щыкІу дыдэу эпэупщІри ягъэжьэ, бжьыкІ фІыуэ щІэпльэу. Щыгъуэ щыгъуэ щыгъуэ плъыжь хьэжарэ эзрафІэфІкІэ халъхьэ. Тхьэвыр Іыхьэ-Іыхьэ у эпэупщІ. Зырызыхэзыу яху, и Іувагьыр зыхуеІм х уэдизу, ауэ псыхьэлывэр мыщІыкІу дыдэу щытын хуейщ. Псы къэкІуалъэ шыгъу зыхадзам хальхьэри, хьэзыр хьухукІэ ягъавэ. Ар къыхахыжри, тепщэчым иральхьэ. Бжьын уПщІэтар мафІэ хуэмым тетУ тхъуцІынэкІэ ягъэлЫбжьэ. Хьэзыр щыхъэм деж щыбжий пльыжь хадзэ. Псыхьэлывэ къыхахыжам бжьын гъэлыбжьар тракІэри, Іэнэм трагъэувэ.

ШІхыныгъуэр щащІкІэ халъхьэр: мэлыл грамм 500-м хуэзэу бжьыну грамм 200-300, тхъур, шыгъур, шыбжийр зэрафІэфІкІэ.

Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Мэлыл дэлъу псыхъэлывэ

Тхьэвыр дж зрыкІэрэ щатэрэ зыхэль шэкІэ ящщ, мэлылыр Іыхьэ щыкІу-щыкІу дыдэу эпэупщІри ягъэжьэ, бжьыкІ фІыуэ щІэпльэу. Щыгъуэ щыгъуэ щыгъуэ плъыжь хьэжарэ эзрафІэфІкІэ халъхьэ. Тхьэвыр Іыхьэ-Іыхьэ у эпэупщІ. Зырызыхэзыу яху, и Іувагьыр